

Mom's Best Friend/ Bon Zanmi Manman

Pi bon bagay lè moun gen manman **avèg**, se gen yon chen espesyal tankou Marit. Se sa Joèl, frè mwen an ak mwenmen m te konn panse. Marit se **chen gid** manman. Marit avèk nou depi mwen fèt. Kat mwa de sa Marit mouri. Lanmo Marit te kite yon twou vid nan fanmi an.

Manman te sonje Marit pase tout moun. Li pat pèdi yon bèt domestik sèlman, li te pèdi konpayon li. Manman te ap oblije sèvi ak **baton** li. Li te konn kole sou **totwa**, **tankou yon kalmason**. Gen de fwa manman te oblije kenbe bra papa, Joèl ousnon mwenmenm. Pi fò tan manman te prefere sèvi ak baton. Manman te endepandan, li pat renmen depann de moun.

Anpil moun sèvi ak baton lè yo avèg. Baton an se tankou yon ektansyon ki fè ou santi bagay ki otou ou. Ak chen gid, moun avèg sèvi ak zorèy yo pi plis ke touche yo. Manman antrene zorèy li. Se etonan: lè kapab di ou lè yon siy reklam sou tèt li, li kapab di ou lè li pase you poto elektrik. Li konnen bagay sa yo a koz chanjman bwi pye li.

Menmsi manman te tande byen. Mewn te soulaje lè mwen tande li t ap retounen nan “The Seeing Eye” pou li ale chache yon lòt chen gid.

The Seeing Eye (Zye ki wè) nan Morristown, New-Jersey, se premye lekòl ki antrene chen gid nan Etazini. [Kounye a gen nèt lòt.] Lekòl la antrene chen tankou bèje alman pou twa mwa, apre sa li fè omwen yon mwa ap montre moun avèg sèvi ak chen yo. Antrenè manman te rele Pete Jackson.

Mwen te sonje manman menm jan mwen sonje Marit, men omwen manman te rele chak swa.

Premye jou manman te fasil. Manman te vini nan sant sa douzan de sa, lè li te vini chache Marit. Li sonje anndan sant la. Dabitid, lè manman rive yon kote li pa abitye, li mache de chanm an chanm ak baton li pou li **memorize plan** kote a. Nan maten Pete te ale mache ak manman pou li te swiv **mach** manman. Li te vle chwazi yon chen ki te ale ak manman.

Chen manman te jwenn nan te rele Ursula. Yon non **etranj**! Premye leson ak Ursula pat fasil, Ursula te bliye tout sa li te aprann. Chak jou manman ak Ursula te fè de voyaj. Yo aprann wout fasil ak wout **konplike**. Manman te bay Ursula leson **obeyisans**: “**Vini. Chita. Kouche. Al pran.**”

Pandan manman te New-Jersey ap travay di ak Ursula. Papa, Joël ak mwen t ap kontinye vi nòminal nou-lekòl, devwa, foutbòl, pyano, pase tan ak zanmi nou. Nou te divize travay manman yo: Papa te fè manje, Joël te responsab bale kay la ak fè lesiv, mwen te lave asyèt, siye, ak netwaye plant yo. Premye de semèn yo te fasil. Men apre sa, manje manman te kite yo fini. Dlo twalèt la te ranvèse, asyèt t ap anpile.

Lè manman rele nou, se apèn si li te mande kouman nou ap degaje nou. Se te Ursula, Ursula, Ursula! Sanble li te bliye Marit.

Lè nou te resevwa yon lèt manman, nou te remake li pat bliye pèsonn. Li te pale de **dezas**, li menm ak Ursula. Gen de fwa Ursula te mete manman devan de twa **obstak**, tankou fatra santi. Manman te ekri nou de yon fi ki te vini avèg lè li te gen venndezan, akòz de maladi **dyabèt**. Li te ekri de vizyon yon misye ki te deperi lè misye a te gen ventnevan.

Mwen te ekri manman yon lèt **bray**. Mwen mande li vini vit, kay la manke w.

Lè manman te rive ak Ursula, li te okipe li. Li te kòmanse montre Ursula wout nan katye a. Li ba li manje e li benyen li. De fwa pa semèn, manman netwaye zorèy li, ak bwose dan li. Yo te jwe pou karansenk minute chak jou. Ursula ak manman te bezwen vini tankou **senkantkòb ak degouden**.

Manman fè Ursula vini **lonbraj** li. Lè li ap benyen ousnon dòmi, Ursula te bò kote li. Aprè yon mwa lakay, Ursula te konn tou wout yo, li te vin **alèz**. Se te tan pou manman te kòmanse antrene Ursula pou li rete poukont li nan kay la. Li te yon bon chen: li pat jape, ni manje mè yo.

Manman te bay mwenmenm ak Joël la pèmisyon pou nou te prezante Ursula bay zanmi nou yo, youn apre lòt. Yo te kapab jwe ak Ursula lè kòd pat nan kou li.

Finalman, manman te pèmèt nou jwe ak Ursula. Mwen te konnen ti chen an te damou pou nou, men nou te pi fou pou li. Men nou pa bliye Marit. Joël di Ursula se pi bon chen ki vivan. Mwen toujou di, se pi bon chen nan le mond.

Lesson Activities

An nou panse sou istwa “ Mom’s Best Friend”/ Bon Zanmi Manman

Kesyon:

Kouman otè a montre manman te pi abitye mache ak yon chen gid ke yon baton?

Kisa nan istwa ki fè ou wè ke manman se yon moun ki endepandan?

Poukisa ou kwè yon moun ki avèg oblije memorize plan lè yo rive yon kote yo pa abitye?

Kouman otè a montre ke moun ki ap rakonte istwa a te jalou de atansyon manman te ap bay Ursula?

Pouki sa ou panse manman te oblije bay Ursula antrenman pou li te rete nan kay poukont li?





















Kouman otè a montre timoun yo te vini renmen Ursula menmjan - pa pi plis ke - Marit?

Noting Details/ Pran nòt sou detay nan istwa

Raple elèv yo otè sèvi ak detay pou ede moun ki ap li istwa, fè vizyon : pèsonaj, plas ak koze ki ap pase nan istwa. Fè revizyon istwa “Mom Best Friend/ Bon Zanmi Manman”

	Detay sou Manman	Detay sou naratè (moun ki ap di istwa)	Detay sou Ursula (chin gid la)
<i>Avan manman retounen nan sant “ The Seeing Eye”:</i>			

5th grade - Theme 4 - Person to Person Mom's Best Friend

5th grade - Theme 4 - Person to Person
Mom's Best Friend

atache	bray	Chen gid	ensten
metrize	matirite	obeyisan	obstak
plan	memorize	lonbraj	lapè
koub	Mache ansanm	wout	pwomnen
optik	atwofye	fatige	Pran swen